

KUNCI MARDI JAWI

SMP

3

Kaimpun dening :
Drs. Soetarno

Penerbit "**WIDYA DUTA**" SURAKARTA
Jln. Honggowongso 139 telp. 6053
Kode Pos 57153



950
0012009

KUNCI MARDI JAWI

SMP

3

Kaipun dening :
Drs. Soetarno

Penerbit "**WIDYA DUTA**" SURAKARTA
Jln. Honggowongso 139 telp. 6053
Kode Pos 57153

MAHARAJA

SHRI

8

MAHARAJA

MAHARAJA

ISI BUKU

WULANGAN 1	5
WULANGAN 2	9
WULANGAN 3	14
WULANGAN 4	19
WULANGAN 5	29
WULANGAN 6	35
WULANGAN 7	40
WULANGAN 8	46
WULANGAN 9	51
WULANGAN 10	56

— *** —

INDEX

10
11
12
13
14
15
16
17
18
19
20

- 1. MACHIA JIN
- 2. MACHIA JIN
- 3. MACHIA JIN
- 4. MACHIA JIN
- 5. MACHIA JIN
- 6. MACHIA JIN
- 7. MACHIA JIN
- 8. MACHIA JIN
- 9. MACHIA JIN
- 10. MACHIA JIN
- 11. MACHIA JIN
- 12. MACHIA JIN
- 13. MACHIA JIN
- 14. MACHIA JIN
- 15. MACHIA JIN
- 16. MACHIA JIN
- 17. MACHIA JIN
- 18. MACHIA JIN
- 19. MACHIA JIN
- 20. MACHIA JIN

WULANGAN 1

II. KAWRUH BASA

B. Kosok baline tembung-tembung :

1. rendheng >< ketiga
ngrembuyung >< ngarang
2. mbiyet >< arang-arang
3. pepanas >< ngeyub
4. prampang >< seger, edhum
5. layu >< seger
6. mitunani >< nguntungake, murakabi
7. alas yasan >< alas greng
8. banjir bandhang >< sumber, tandhon banyu

C. Dasanamane tembung-tembung :

1. mongkog = bombong, mbedhodhok
2. nyadhongi = menehi, manceni, ngedumi
3. cadhongku = rangsum
4. mardika = bebas
kenya = wadon, prawan, wanita
priya = lanang, jalu
5. masarakat = bebrayan
mapanake = mrenahake
6. dikungkung = diblenggu, ditutup, digedhong,
dikendhaleni = dipekak, diatur
anggering = wewatoning, laranganing
kasusilan = kautaman
7. moderen = anyar
mesthi = temtu, tertamtu
onjo = unggul, luwih
8. nyulayani = cengkah, nyleneh
9. diecap = diunekake, diwada
kolot = kuna
saweneh = sawijining
lugune = temene, satemene
mumpangati = migunani, maedahi, murakabi
10. lugu = temen

D. Basa tulis gantine basa caturan :

1. Aku ora weruh, ana ing ngendi olehmu ndokok.
2. Kogawa ta mau.
3. Nanging ora ngono.
4. Sing nyilih bukumu sapa ?
5. Aku malah ora ngreti.
6. Mrana apa mrene, sakarepmu.
7. Aku dhisik, kowe aja kesusu.
8. Sing dhisik tekane sapa ?
9. Ya kareben ngono.
10. Yen ngono, aku ora mrene.
11. Emoh-aku menyang enggonmu, mundhak disrengeni bapakmu.
12. Mengko dudu kowe sing marani barang iki.
13. Banjur kepriye, kowe apa sida lunga ?
14. Besuk emben bae aku mrene.
15. Aku emoh mudhun, ana ing kene bae.
16. Aku ora duwe dhuwit, aja njaluk aku !
17. Iki lo bukumu, sing ko-takokake.
18. Besuk kapan kowe menyang omahku.
19. Ana ing ngendi adhimu ?
20. Pak Gedhe badhe dhateng pundi ?
Benjing punapa mriki malih ?

III. PARAMASASTRA

E. LATIHAN

1. **Nalika ibu tindak pasar, bapak maos koran ana ing dalem**

/ Nalika ibu tindak pasar / = rakitan tembung
/ ibu tindak pasar / = rakitan tembung
/ tindak pasar / = rakitan tembung

/ bapak maos koran ana ing dalem / = rakitan tembung
/ maos koran ana ing dalem / = rakitan tembung
/ maos koran / = rakitan tembung
/ ana ing dalem / = rakitan tembung
/ ing dalem / = rakitan tembung

Dadi ana 8 rakitan tembung

- 2. "Kowe saka ngendi, Ton ?" (ukara)
- "Surabaya" (ukara)
- "Nginep ana ing daleme sapa, Ton ?" (ukara)
- "Eyangku" (ukara)

IV. NULIS

A. Panulise kang bener :

1. Lo, kanca-kanca kok padha teka ? Apa ko-undang ?
2. Ing dhuwur wis dakterangake menawa ing ngendi-endi para mudha uga gumregut anggone padha ngudi kawruh.
3. Ndandanana pager besuk dina Minggu, njaluka tulung marang tangga teparo lan kudu sedhiya kuwas kanggo nglabur !
4. Bapak ngendika, "Kuwajibamu saben dina kudu kotindakake temenan . Aja mung suwaramu bae !"
5. Sapunika Bapak kaliyan Ibu punapa saestu tindak dhateng dalemipun bapak guru ? Kala wau wonten priya sesarengan lurah pados beya karamean kampung.

B. Panulise nganggo aksara Jawa kang bener :

1. Lo, kanca-kanca kok padha teka ? Apa ko-undang ?
 2. Ing dhuwur wis dakterangake menawa ing ngendi-endi para mudha uga gumregut anggone padha ngudi kawruh.
 3. Ndandanana pager besuk dina Minggu, njaluka tulung marang tangga teparo lan kudu sedhiya kuwas kanggo nglabur !
 4. Bapak ngendika, "Kuwajibamu saben dina kudu kotindakake temenan . Aja mung suwaramu bae !"
 5. Sapunika Bapak kaliyan Ibu punapa saestu tindak dhateng dalemipun bapak guru ? Kala wau wonten priya sesarengan lurah pados beya karamean kampung.

Handwritten text in a non-Latin script, likely Javanese, consisting of several lines of cursive script.

V. UNGGAH-UNGGUH

TETANEN

Indonesia punika negari tetanen utawi kasebut ugi negari agraria. Sampun mataun-taun tiyang-tiyang ing ngriki sami nanem pantun, jagung kaliyan palawija. Klapa, wit woh-wohan ugi boten kantun.

Wana ageng dipun babadi. Lepen-lepen sami dipun bendung. Wilayah ingkang wiyar sanget dipun sukani irigasi ingkang dipun atur sampurna. Salah satunggalipun kasilipun ingkang wigatos inggih punika klapa. Pamedalipun klapa nglangkungi betahing rakyat, milanipun Indonesia saged ngintunaken kopra kathah sanget dhateng manca negari. Namung kemawon pamedaling sabin dereng nyekapi, mila inggih taksih kapeksa ngimpor uwos saking manca negari.

Sapunika sampun wonten cara warni-warni kangge mewahi pamedaling sabin. Pamedalipun sabin ingkang awujud uwos sapunika saya wewah. Ing pangangkah Indonesia sampun ngantos impor uwos malih. Milanipun saking punika Indonesia lajeng damel bendungan ageng-ageng kangge ngoncori sabin-sabin ing mangsa ketiga. Dados wadhuk-wadhuk inggih punika tandhon toya perlu sanget tumraping tetanen. Amargi saking wontenipun wadhuk-wadhuk punika sedherek tani lajeng saged panen pantun kaping kalih setaun-taunipun, malah wonten ingkang kaping tiga punapa. Ing Krawang sabin pinten-pinten dasa ewu hektar saged dipun oncori ing mangsa ketiga margi saking wontenipun Wadhuk Jatiluhur.

Kajawi dipun tanemi pantun sabin-sabin ugi dipun tanemi kacang, kedhele, pohung tuwin tanaman palawija sanesipun. Punika kala wau sadaya kangge nyekapi betahing rakyat sadinten-dintenipun. Sadaya tetaneman punika wau kangge mewahi makmuring rakyat, kangge kerta raharjaning negari.

VI. KASUSASTRAN

WULANGAN 2

II. KAWRUH BASA

B. Tembung saroja :

1. *kocap kacarita* = kacaritakake
- dhawuh pangandika* = kandhane
- tata rakit* = cecawis, siyaga
2. *sumebar warata* = warata ing ngendi-endi
- gethok tular* = tular tumularing paomongan
3. *gagah prakosa* = gedhe dhuwur lan santosa
- sekti mandraguna* = digdaya banget
4. *tandang tanduk* = patrap, salah tingkah
- angkat junjung* = njejunjung, ngangkat-angkat
- watak wantune* = watak sarta dhasaring wewatakan
- budi pakarti* = watak lan panalare
- solah tingkah* = tandang tanduk
5. *rahayu slamet* = luput ing bebaya
- baya pakewuh* = reribed
- teguh kuwat* = sentosa

D. Tegese unen-unen :

1. *abang-abang lambe* = tetembungan manis mung samudana
2. *lambe setumang kari*
- samerang* = wong nenuturi ora digugu
3. *madu angin* = pepadon prakara kang ora nyata
4. *angon angin* = golek (nangguh) wektu kang prayoga.
5. *ketiban tai baya* = kena ing pandakwa
6. *kinampung wakul binaya mangap* = dikeprung ing mungsuh
7. *balung peking* = wong kang sekeng
8. *balung gajah* = wong kang sugih bandha
9. *madu balung tanpa isi* = pepadon prakara barang sepele
10. *mbalung usus* = kekarepane kendho kenceng
11. *tunggal banyu* = tunggal ngelmu (tunggal guru ngelmu).
12. *banyu pinerang* = ngibaratake pasulayane sedulur mesthi enggal pulih.

III. PARAMASASTRA

B. 1. Tuladha liyane nglima :

- sandhing → sumandhing
- saré → sumaré
- gagah → gumagah
- sanak → sumanak
- gadhung → gumadhung

- sisih → sumisih
- simpen → sumimpen
- simpang → sumimpang
- tindak → tumindak
- glindhing → gumlindhing

- sugih → sumugih
- gulung → gumulung
- kudu → kumudu
- susul → sumusul
- tungkul → tumungkul

- gampang → gumampang
- sampir → sumampir
- ganti → gumanti
- kambang → kumambang
- tangkar → tumangkar

- tut → tumut
- tus → tumus
- lud. (*tut buri*) → lumud (*tut buri*)
- lèr (*bukak*) → lumèr (*dilèr, dibukak*)
- trah (*turun*) → tumrah (*turun-tumurun*)

2. Conto liyané :

- anut → umanut → manut
- anjing → umanjing → manjing
- andhap → umandhap → mandhap
- andheg → umandheg → mandheg
- ambu → umambu → mambu

32
an
64

38
7/62



- Idak → umidak → midak
- ili → umili → mili
- ilir → umilir → milir
- ider → umider → mider
- ineb → umineb → mineb
- undur → umundur → mundur
- unggah → umunggah → munggah
- umbul → umumbul → mumbul
- ubal → umubal → mubal
- ubeng → umubeng → mubeng
- éncos → uméncos → méncos
- émba → umémba → mémba
- èlu → umèlu → mèlu
- éncok → uméncok → méncok
- éthok → uméthok → méthok
- elar → umelar → melar
- egar → umegar → megar
- ener → umener → mener
- encit → umencit → mencit
- entas → umentas → mentas
- odod → umodod → modod
- olor → umolor → molor
- onjo → umonjo → monjo
- ongkog → umongkog → mongkog
- osik → umosik → mosik

3. Conto liyané :

- wekas → um + wekas → umekas → mekas
- wengku → um + wengku → umengku → mengku
- weteng → um + weteng → umeteng → meteng
- weling → um + weling → umeling → meling
- wejang → um + wejang → umejang → mejang
- wijik → um + wijik → umijik → mijik (i)
- wiyos → um + wiyos → umiyos → miyos
- wilang → um + wilang → umilang → milang
- wiraos → um + wiraos → umiraos → miraos
- wirasa → um + wirasa → umirasa → mirasa



- wungu	→ um + wungu	→ umungu	→ mungu
wungkus	→ um + wungkus	→ umungkus	→ mungkus
wulang	→ um + wulang	→ umulang	→ mulang
wuruk	→ um + wuruk	→ umuruk	→ muruk
wuwuh	→ um + wuwuh	→ umuwuh	→ muwuh
- perkéwuh	→ umerkéwuh	→ merkéwuh	
• perkéwed	→ umerkéwed	→ merkéwed	
pesagi	→ umesagi	→ pesagi	
pethekel	→ umethekel	→ methekel	
pethit	→ umethit	→ methit	
- padhet	→ umadhet	→ madhet	
pakéwuh	→ umakéwuh	→ makéwuh	
pampet	→ umampet	→ mampet	
pandelo	→ umandelo	→ mandelo	
pandhukul	→ umandhukul	→ mandhukul	

D. Latihan

1. **kebet** → **kumebet** = lagi bisa **kebet-kebet**
2. **kenthus** → **kumenthus** = duwe sipat kaya **kenthus**
3. **kringet** → **kumringet** = akeh metune **kringet**
4. **tawon** → **tumawon** = duwe sipat kaya **tawon**
(gumrengenge)
5. **undhak** → **mundhak** = ana **undhak(e)**
6. **uluk** → **muluk** = bisa tambah **uluke**
7. **wijil** → **mijil** = ketingal **wijilipun**
8. **pesat** → **mesat** = duwe sipat kaya **pesat** (= jepatan)
9. **sulih** → **sumulih** = tumindak dados **sulih**
10. **brebeg** → **gumrebeg** = njalari **brebeg** (ing kuping)

IV. NULIS

A. Panullise kang bener :

BAL-BALAN

Sesuk bocah kelas telu arep bal-balan karo kelas loro. Bocah-bocah kelas telu padha ngumpul.







Sarju kandha, "Sesuk kelas telu aja nganti kalah, ngisin-isini. Kipere Abas bae, Abas dhuwur, cukat lan trampil. Bal nleser wasis nampani."







Darta mangsuli, "Cocog. Nanging beke kudu Darma karo Pa-dri, padha titis, adoh tendhangane. Kanca liya dipasang ngendi bae becik padha pintere."


Ali nyambungi, "Ya mung bae sing maju njaba kowe, Parta. Njaba tengen Dira, layune padha bantere. Bapak guru Olah Raga disuwun dadi wasite."

Tenan, esuke kelas telu karo kelas loro padha tandhingan. Sing ora melu main njagoi kelase dhewe. Pemain kelas telu katon rukun, yen oleh bal ora digawa dhewe.

B. Panulise nganggo aksara Jawa :

1. 
2. 
3. 
4. 
5. 
6. 

7. 
8. 
9. 
10. 
11. 
12. 

V. ANTAWACANA 
(bisa dicontoni dening guru)

VI. KASUSASTRAN
(bisa dicontoni dening guru).

WULANGAN 3

II. KAWRUH BASA

B. Tembung entar :

1. *lobok atine* = gampang anggone tetepungan, ora gampang nesu.
2. *jembar segarane* = sugih pangapura, welasan
3. *lunyu ilate* = guneme mencla-mencle, ora kena diendel.
4. *tipis lambene* = seneng nyatur wong, seneng misuh
5. *entheng tangane* = cengkiling
6. *gedhe endhase* = gembelengan, sumangkeyan
7. *ngatonake siyunge* = nuduhake panguwasane
8. *nggegem tangan* = kesed, ora gelem tumandang gawe.
9. *lumah tangan* = ora gelem cawe-cawe
10. *nyolok mata* = njarag tumindak kang kurang prayoga
11. *lunyu ilate* = guneme mencla-mencle
12. *nggedhekake puluk* = nengenake pangan, kurang (ora ana) prihatine.

Ukara nganggo tembung entar :

1. **mogel ilate** = memangan akeh warna-warna lan sarwa enak, nedha eca.
 - *Nalika sukurane kancaku, wah Darna klakon **mogel ilate** temenan, marga suguhane enak-enak lan mbanyu mili.*
2. **ngabangake kuping** = gawe muntab
 - *Tembungmu iku mung sakecap, nanging **ngabangake kuping** kanggoku.*
3. **peteng atine** = bundel, sedhik banget.
 - *Mbakyumu lagi **peteng atine**, marga ora ketampa ana SMA.*
4. **adus kringet** = (kanthi) kangelan utawa rekasa banget.
 - *Olehku nyambut gawe dakrewangi **adus kringet**, ewadene ora bisa nyembadani kabutuhane kulawarga.*

5. **cagak lek** = srana supaya betah melek
– *Aku silihana bukumu roman, kanggo cagak lek yen bengi.*
6. **wedi getih** = jirih
– *Kanca-kancamu tansah ngece kowe marga ngreti yen kowe bocah lanang kang wedi getih.*

C. Tegese saloka iki :

1. *Gajah ngidak rapah* = tiyang ingkang nrajang wewaleripun piyambak.
2. *Kodhok nguntal gajah* = samubarang ingkang langka kadadosanipun.
3. *Semut ngadu gajah* = tiyang alit ngaben tiyang ageng.
4. *Tengu ngadu gajah* = tiyang alit ngaben tiyang ageng.
5. *Nggajah elar* = tiyang ingkang sarwa ageng lan santosa kekajenganipun.
6. *Kebo kabotan sungu* = tiyang ingkang rekaos gesangipun amargi saking kekathahen anak.
7. *Kebo mulih ing kandhange* = tiyang ingkang wangsul dhateng papan padununganipun malih.
8. *Kebo nusu gudel* = tiyang sepuh nedha wuruk dhateng tiyang enem.
9. *Bebek mungsuh mliwis* = tiyang pinter mengsah tiyang pinter, namung ingkang setunggal langkung ubet.
10. *Kutuk marani sunduk* = tiyang ingkang nemaha dhateng bebaya.
11. *Ula marani gitik* = tiyang ingkang nemaha dhateng bebaya.
12. *Belo melu seton* = tiyang ingkang namung anut grubyug kemawon, boten sumerep punapa wigatosipun.
13. *Iwak klebu ing wuwu* = tiyang ingkang kenging paeka.
14. *Asu gedhe menang kerahe* = tiyang ageng punika temtu menangipun.
15. *Pitik trondhol diumbar ing padaringan* = tiyang ingkang kekirangan dipun pasrahi nyepeng bandha, dangu-dangu inggih gadhah melik.

16. *Wedhus prucul diumbar ing pakarangan* = tiyang ingkang kekirangan kapasrahan nyepeng bandha, dangu-dangu inggih gadhah melik.

D. Dasanamane tembung-tembung ing ngisor iki :

- | | |
|-----------------|-------------------------------------|
| 1. polatane | = praene, wujuding rai |
| ndemenakake | = nyenengake, nglegakake ati |
| 2. mratandhani | = mracihnani, ngalamati, nyasmitani |
| sembada | = pantes, patut, cocog |
| 3. miwah | = lan, maneh, karo maneh |
| 4. tilar donya | = pejah, seda, surud |
| 5. sababipun | = jalaranipun, mula bukanipun |
| 6. jrambahipun | = joganipun |
| kasrasah ba- | |
| won | = kalapisi bāta |
| 7. tanpa | = ora nganggo |
| 8. sangga uwang | = nyangga janggut |
| 9. adi | = apik, peni, becik |
| aeng | = elok, aneh |
| limrah | = kaprah, umum |
| 10. trimah | = marem, purun |
| waton | = angger, uger |

III. PARAMASASTRA

Udhaling ukara-ukara :

1. *Tawon kuwi // mencok / ana ing kekembangan.*
 - *Tawon kuwi* = jejer
 - *mencok* = wasesa
 - *ana ing kekembangan* = katrangan panggonan
2. *Tawon-tawon // tansah / ngisepi / madu / ing kekembangan.*
 - *Tawon-tawon* = jejer
 - *tansah* = katrangan cacah
 - *ngisepi* = wasesa
 - *madu* = lesan
 - *ing kekembangan* = katrangan panggonan
3. *Maduning kekembangan // diisepi / tawon-tawon / saben dina*
 - *Maduning kekembangan* = jejer
 - *diisepi* = wasesa

- *disuguh* = wasesa
- *mau* = katrangan mangsa

8. *Asu kuru mau kae // dibalang / Narta / nganggo watu.*

- *Asu kuru mau kae* = jejer
- *dibalang* = wasesa
- *Narta* = katrangan panindak
- *nganggo watu* = katrangan sarana

IV. NULIS

A. Panulisan kang bener :

1. Akeh wong kandha manawa wektu iki rekasa golek paga-wean. Memujia bae supaya gegayuhanmu keturutan.
2. Aja ndhodhok ana kono, kanggo mbuwang uwuh.
3. Kathahipun tiyang sami ningali sepur tabrakan kaliyan gro-bag ing celakipun panggenan sesadean.
4. Nggodhoga wedang, nanging aja nganti kakehan gula. Mengko bubar udud dakombene.

V. UNGGAH-UNGGUH

Basa ngoko andhap :

1. Apa panjenengan wis midhanget, yen ingkang eyang lagi gerah ?
2. Aku krungu manawa panjenengan gerah, tibake panjenengan malah wis tindak-tindak.
3. Aku trima nganggo iki bae, panjenengan dakaturi ngagem busana sing apik.
4. Bu, aku nyuwun pamit arep menyang Surabaya, seminggu maneh aku wis mulih.
5. Atiku kok krasa ora kepenak. Apa panggalih panjenengan uga kraos kaya atiku ?
6. Sesuk aku duwe gawe mantu. Panjenengan daksuwun rawuh ana ing omahku.

7. Kagungane dalem apa wis dadi ? Apa panjenengan wis ngatur priksa marang ingkang eyang manawa panjenengan ngasta dalem ?
8. Besuk manawa kakangmas kagungan kersa, aku nyuwun panjenengan timbali.
9. Jarene ingkang ibu tindakan ! Apa saiki wis kondur ? Panjenengan dioleh-olehi apa ?
10. Aku kepingin mbacutake sekolahku, dakaturi mujekake gangsar lan slamet.

VI. KASUSASTRAN

WULANGAN 4

II. KAWRUH BASA

B. Tembung-tembung kang kandel panyithake kang cocog karo ukarane :

1. Sedulur tuwa saiki wis entuk **kanugrahan** ing Pangeran, dene wis bisa nduweni turun.
2. Anggonku setya dadi guru wis ana 40 taun, mula dina wingi aku oleh **ganjaran** saka pamarentah arupa Satya Lancana.
3. Saben taun para pembantu rumah tangga padha tanpa **paringan** saka sing didhereki arupa sandhangan sape ngadeg.
4. Wis sesasi iki barang-barangku kang ana ing gudhang tansah kalong-kalong dicolong uwong, ndilalah mau bengi mbeneri aku metu bisa **ngonangi** sapa sing gawene nyolong.
5. Aku dak melu **nyekseni** anggonmu janji arep nukokake sepedha adhimu.
6. Kowe dhewe rak ya wis tau **nyumurupi** anggonku sinau klompok, ta ?

7. Wah **nlangsa** banget atiku bareng anggonku nggarap testing calon pegawe ora rampung. Mangka sajatine aku bisa kabeh.
8. Ya ora maido manawa pamanmu **nggrantes** panggalihe, lah wong bandhane wis entek-entekan kanggo nambak-ake putrane olehe lara tetaunan, kathik ora bisa ngukup pisan.
9. Toni, ora mung pisan olehmu gawe **susah** marang aku. Angger aku arep budhal menyang kantor, sepedha motora mesthi wis kothong bengsine.
10. Eyang melu ndedonga muga-muga kowe oleh jodho sing **kebeneran** bisa nyembadani lan tanggung jawab marang kulawatga.
11. Yen Narta arep kojodhokake karo Narsi sing terang ora **cocog** lah wong bocah loro iku ngalor-ngidul wewatakane.
12. Saoto karo iwak empal iku kanggoku pancen **mathuk** banget.

C. Ukara :

1. – Adhiku sing mau mrengut bae, bareng dituruti panjaluke banjur **ngguyu**.
 - Bocah kang ora cugetan aten iku, senajan diolok-olok ya **mesem** bae.
 - Ora pantes, bocah wadon **cekakakan** ngono kuwi !
2. – Wong tuwa nyapu dhewe sing enom mung **ngawasake** bae iku apa pantes ?
 - Saka kadohan aku **ngulatake** wong mlaku ing jero kampung kang nyalawadi.
 - Aku **namatake** tamu kang linggih ana ing papan remeng-remeng.
3. – Kancaku **ngandani** aku manawa mengko bengi kancakanca arep padha mrene:
 - Aku **nuturi** adhiku supaya dadi bocah sing pinter lan mbangun miturut karo wong tuwa.
 - Eyang **ndunungake** aku sapa satemene sing ngopeni aku karo adhi-adhiku nganti tekan seprene iki.

4. – Tekan ngomah Kardi **nyelehake** tase banjur terus me-nyang meja dhahar.
 - **Mapanake** lenggah para tamu ana ing pasamuhan iku kudu nganggo solah bawa kang trapsila anoraga.
 - Aku lagi **mrenahake** kursi sing arep dilenggahi eyang.

D. Paribasan kang meh padha tegese :

1. – *Pitik trondhol diumbar ing padaringan* = wong kekurangan dipasrahi dhuwit.
 - *Wedhus prucul diumbar ing pakacangan* = wong kekurangan dituduhake ing kamelikan.
2. – *Madu balung tanpa isi* = pepadon prakara barang sepele.
 - *Asu arebut balung* = pepadon rebutan prakara sepele.
3. – *Kejugrugaan gunung menyan* = nemu kabegjan gedhe.
 - *Kebanjiran segara madu* = oleh kabegjan (pangalem-bana) sing kaluwih-luwih.
4. – *Dadia godhong suthik nyuwek* = wis emoh sapa
 - *Dadia banyu suthik nyawuk* = wis emoh sapa aruh.
5. – *Suwe mijet wohing ranti* = samubarang kang gampang banget.
 - *Timun jinara* = samubarang kang gampang banget
6. – *Bau kapine* = pilih sih (ora adil), ewang-ewangan.
 - *Emban cindhe emban siladan* = pilih sih.
7. – *Ambuwang rase nemu kuwuk* = nampik marang samubarang kang ala oleh ijol sing luwih ala.
 - *Mburu uceng kelangan deleg* = nindakake pagawean kang perlu (baku), kasambi nindakake pagawean remeh, wusanane pagawean kang perlu (baku) dadi kapi-iran.
8. – *Dhayung oleh kedhung* = oleh dalan (srana) sing pra-yoga.
 - *Bubuk oleh eleng* = duwe niat ala oleh dalan.

9. – *Adus kringet* = kangelan utawa rekasa banget.
– *Suku jaja ateken janggut* = senjata kepeksa rekasa dilakoni.
10. – *Nggegem tangan* = kesed, ora gelem tumandang gawe
– *Ngekep dhengkul* = nganggur.
11. – *Ati bengkong oleh oncong* = duwe niat ala oleh deda-lane.
– *Dhayung oleh kedhung* = oleh dalan (srana) sing pra-yoga.
12. – *Atine ati dhondhong* = jail, seneng maeka ing liyan.
– *Atine ana wulune* = ala atine.
13. – *Keguguran wukir sari* = nemu kabegjan gedhe.
– *Nyandhung cepaka sawakul* = nemu kabegjan gedhe.
14. – *Empol pinecok* = gampang banget.
– *Gudir binendho* = gampang banget.
15. – *Ngungkak krama* = nerak tatakrama
– *Murang tata* = ora nganggo tatakrama, degsura
16. – *Geguyon dadi tangisan* = maune mung sembrana dadi prakara gedhe.
– *Kriwikan dadi grojogan* = prakara cilik dadi prakara gedhe.

E. Candrane :

1. Raden Gathutkaca iku otot **kawat**, balung **wesi**, sungsum **gegala**, kulit **tembaga**, daging **kencana**, driji **gunting**, sikut **palu**, dhengkul **paron**, ngagem caping **basunanda**, kotang **antrakusuma**, udan datan **kodanan**, panas datan **kepanasen**, bisa mletik tanpa **suthang**, bisa mabur tanpa **elar**
2. Lakune lengket-lengket kaya **macan luwe**.
3. Untabing wadyabala kaya **gabah diinteri**
4. Antenge kaya **panganten**
5. Swarane kaya **mbelahna bumi**
6. Lakune baris kaya **sela blekithi**
7. Lingak-linguk kaya **kethek ditulup**
8. Rukune kaya **mimi lan mintuna**.
9. Ramene lir prahara **nempuh wukir**

10. Jogede mucang **kanginan**
11. Lembehane kaya **merak kesampir** (sengkleh)
12. Cukate kaya **manuk branjangan**
13. Bungahe kaya nemu cepaka **sewakul**
14. Mungsuh padha bubar resik kaya **disaponi**
15. Esemé **pait madu**
16. Kopat-kapita kaya ula **tapak angin** kekejer kaya manuk . .

III. PARAMASASTRA

Tegese panambang an ing tembung-tembung kang kacithak kandel :

- | | |
|--|---------------------------------------|
| 1. gonen | = pirang-pirang goni |
| kwintalan | = adhedhasar etungan kwintal . |
| kilon | = adhedhasar etungan kilo . |
| timbangan | = piranti nimbang |
| 2. Kusumoyudan | = panggonane Kusumoyudo |
| wayangan | = nanggap wayang |
| 3. unjukan | = kang diunjuk |
| dhaharan | = kang didhahar |
| lesehan | = linggih ngleseh |
| banjur sarean | = leyeh-leyeh kaya yen sare |
| 4. jiwitan | = genten nindakake jiwit |
| kancane dolanan | = nindakake dolan |
| tangisan | = padha ngetokake tangis |
| nyilih dolanan | = kang dienggo dolan |
| 5. klamben | = nganggo klambi |
| kaosan | = nganggo kaos |
| 6. golekna utangan | = kang bisa diutang |
| nganggo anakan | = kang minangka anak |
| mbayar sewan | = kang disewa |
| 7. lagi pasaran | = dolanan kaya ing pasar |
| ngarepan | = panggonan ing ngarep |
| 8. tukon | = kang kanggo tuku |
| wacan | = kang diwaca |
| 9. bobok lesan | = kang marekake lesu |
| kagem bobokan | = kang dibobokake |
| 10. wajan kanggo go-
rengan | = piranti nggoreng |
| gorengane gelis
mateng | = kang digoreng |
| 11. selapanan bayen | = mengeti selapane bayi |
| pitungdinan | = mengeti pitung dina |

- Ibu Sri* : "Iya Ndhuk ? Wis bisa njoged apa bae ? Sing nganti pinter tenan lo anggone njoged ! Pawitane ora kena je-lehan."
- Gendhuk* : "Lagi bisa njoged sawatara warna : golek, Minak Jingga - Dayun, Kupu-kupu, Gambyong."
- Ibu Sri* : "Wah, lah kok wis pirang-pirang warna ! Apa wis tau digebyagake ?"
- Ibu Brata* : "Uwis Jeng. Malah uwis bola-bali. Etunge gendhuk iku rada kepilih. Jogede mula katon luwes."
- Ibu Sri* : "Mesthi bae luwes. Lah sing ditiru sapa yen ora Mbakyu. Anu lo Ndhuk ibu biyen dhek isih timur iya dadi pilihan saka anggone pinter njoged. Yen ibumu biyen njoged, wong-wong padha gumun luwese. Nganti pating domblong sing padha nonton."
- Ibu Brata* : "Ah, Jeng Sri kuwi ndhuk, wiwit biyen gawene mung ngalem ibu. Rak iya ta Jeng ? Lah ingkang putra sing wasis njoged 'Kuda Lumping' kae ana ngendi ?"
- Ibu Sri* : "Ana Jakarta. Ana kana rekane iya ngedegake sekolah joged. Malah sing padha ajar njoged akeh wong-wong manca. Ana wong Walanda, wong Inggris, wong Perancis, Amerika, isih ana maneh Mbakyu, aku kurang dhamang."
- Ibu Brata* : "Ngono kuwi aku iya ngerti saka layang kabar. Malah gajege ingkang putra wis mider donya. Tekan Inggris, Jerman, Perancis, Sepanyol, Amerika. Mangkono iku kaemot ana layang kabar."
- Ibu Sri* : "Iya, mula mengkono Mbakyu. Critane thole, wong Eropa apadene Amerika iku padha gandrung joged Jawa. Padha sinau njoged Gambyong, Srimpi, Bedhaya. Uga padha ajar njoged kreasi anyar barang."
- Ibu Brata* : "Iya mengkono Mbakyu. Wong joged lawas lan anyar kuwi uga padha dene kabudayaan Jawa; seni joged Jawa. Joged Jawa iku wis kawentar sadonya. Sapa sing ora gandrung, wong alus lan gambarane kaya ngono."

VI. KASUSASTRAN

Wangsulane pitakon-pitakon :

1. Tembang Gedhe Anyar iku mung nganggo wewaton :

- Cacahing wanda ing dalem sagatra (kang diarani laku) iku padha bae.

Tembang Gedhe Kuna (Kekawin) iku kaiket ing wewaton :

- Guru wilangan,
- Guru lagu, yaiku abot enthenging swara utawa dawa cendhaking wanda.

2. **Tembang Tengahan** iku satemene uga **Tembang Macapat** nanging wis ora populer, wis arang-arang kesrambah, uga nganggo ngelingi :

- Guru wilangan
- Guru lagu

3. Guru Wilangan lan Guru lagune tembang *Kinanthi* kaya ing cengkorongane ngisor iki :

- - - - - (8u)
- - - - - (8i)
- - - - - (8a)
- - - - - (8i)
- - - - - (8a)
- - - - - (8i)

4. Wayang-wayang ing ngisor iki njupuk lakon saka :

- a. **Wayang Purwa** njupuk crita saka purwa-purwa perang-aning buku Mahabarata ing bab Pandhawa lan Kurawa.
- b. **Wayang Klithik** nyritakake lelakon jaman Pejajaran tekan Majapait, Prabu Brawijaya wekasan. Sing kondhang lakon Damarwulan - Menakjingga.
- c. **Wayang Beber** njupuk crita Panji, wujud gambar-gambar ing mori kang kabeper, banjur dicritakake.
- d. **Wayang Gedhog** (kedhok topeng) critane saka layang Panji.

5. Kang ngangggit layang-layang ing ngisor iki :

- a. **Abimanyu kerem** → M. Soekir
- b. **Srikandhi maguru manah** → Kyai Sindusastra
- c. **Partakrama** → Kyai Sindusastra
- d. **Jagal Blilawa** → K. Pangeran Arya Kusumadilaga.
- d. **Semar Jantur** → K. Pangeran Arya Kusumadilaga.

6. **Kekawin** weton jaman Kadhiri :

- **Samaradahana** dening Empu Darmaja
- **Baratayudha** dening Empu Sedhah lan Empu Panuluh

- **Hariwangsa** dening Empu Panuluh
 - **Wrettasancaya** dening Empu Tantular
 - **Lubdhaka** dening Empu Tanakeng
7. Layang-layang weton jaman Majapait, upamane :
- **Negarakertagama** dening Empu Prapanca.
 - **Nitisastra**
 - **Sutasoma** utawa **Purusasanta** dening Empu Tantular.
8. Layang kuna kang isi bab wayang, kaya ta :
- **Ramayana** (Kakawin)
 - **Baratayudha** (Kakawin)
 - **Arjunawiwaha** (Kakawin)
 - **Perang-peranganing Mahabarata** (gancaran)
9. Layang-layang anyar kang isi carita wayang, kaya ta :
- **Arjunasasrabau** dening Kyai Sindusastra
 - **Srikandhi maguru manah** dening Kyai Sindusastra
 - **Sembadra Larung** dening Kyai Sindusastra
 - **Jagal Bilawa** dening K. Pangeran Arya Kusumadilaga.
 - **Semar jantur** dening K. Pangeran Arya Kusumadilaga.
10. a. Kasusastrane pujangga R. Ng. Ronggowarsita ing antaranane marga :
- Basa anggitanane runtut, laras, edi peni, sinawung ing tembang kang karengga ing purwakanthi lan wewiletan.
 - Miwiti (mlopori) anane sandi-asma ing rumpakan tembang.
 - Layang wecane : **Jaka Lodhang, Sabda-tama, Sabda-jati, Jayabaya.**
- b. Buku-buku anggitanane R. Ng. Ranggawarsita, upamane :
- **Pustaka Raja Purwa**
 - **Kalatidha**
 - **Paramayoga**
 - **Cemporet**
 - **Aji pamasa**
11. Para priyagung kang kagungan anggitan, kaya ta :
- **Sunan PB IV**, anggitanane : *Wulangreh*
 - **Sunan PB V**, anggitanane : *Centhini*
 - **Sunan PB VII**, anggitanane : *Angger nawala pradata*

- Sunan PB IX, anggitanane : *Candrarini Wira Iswara*
 - K.G.P.A.A. Mangkunegara IV, anggitanane : *Wedhatama, Tripama, Salokatama, Buratwangi, Sendhon langen swara, Panjiwulung, lsp.*
12. **Kakawin Ramayana** dibangun dadi **Serat Rama** dening **Kyai Yasadipura I**
 13. **Kakawin iku** katulis nganggo **basa Kawi** (basa Jawa Kuna).
 14. **Perang Baratayuda** iku perange **Kurawa** karo **Pandhawa**. Sing menang **Pandhawa**.
 15.
 - **Prabu Suyudana** ngratoni **Ngastina**
 - **Prabu Yudhisthira** ngratoni **Amarta**
 - **Prabu Harjunasasra** ngratoni **Maespati**
 - **Prabu Baladewa** ngratoni **Mandura**
 - **Prabu Matswapati** ngratoni **Wiratha**.
 16.
 - **Dewi Sembadra (Dewi Rara Ireng** utawa **Dewi Bratajaya**) dhampitane Raden Narayana, putrine Prabu Basudewa ing negara Mandura, jenatu krama dening Raden Arjuna.
 - **Drupadi** putrine Prabu Drupada ing negara Cempalareja, jinatukrama ing Prabu Yudhisthira dadi ibune Pancawala.
 - **Bagong** iku kanthine Semar kadadeyan saka wayangane Semar, dadi panakawan para kadang Pandhawa.
 - **Srikandhi** putrine Prabu Drupada ing Cempalareja, maguru manah marang Arjuna, banjur jinatukrama dening Arjuna.
 - **Sinta** putrane angkat Prabu Janaka, garwane Raden Rama Regawa.
 - **Banowati** putrine Prabu Salya ing negara Mandaraka, dadi garwane Prabu Suyudana ing Ngastina.
 - **Arimbi** adhine Prabu Arimba, putrine Prabu Kala Trembaka ratu ing Pringgodani, jinatukrama ing Bratasena nurunake Gathotkaca.
 17.
 - a. **Durma** watake : *galak, muntab, sereng.*
 - b. **Dhandhanggula** watake : *luwes, ngresepake.*
 - c. **Pocung** watake : *gloyam-glayem, sakepenake*
Balabak (Tembang Tengahan), watake : *sembrana parikena.*

- d. **Maskumambang** watake : *sedhik, nalangsa, nglokro.*
 - e. **Megatruh** watake : *sedhik, ngeres-eresi.*
18. Tembang Gedhe Kuna (Kakawin) kaiket ing wewaton **guru lagu lan guru wilangan.**

WULANGAN 5

II. KAWRUH BASA

A. Tembung-tembung kang mathuk karo ukarane :

1. Janji Pramuka Siaga iku arane **Dwisatya.**
2. Janji Pramuka Penggalang iku arane **Trisatya.**
3. Katetepaning moral kanggo Pramuka Siaga iku arane **Dwidarma.**
4. Katetepaning moral kanggo Pramuka Penggalang iku arane **Dasadarma.**
5. Janji Pramuka Penegak lan Pramuka Pandhega sarta Anggota Dewasa iku arane **Trisatya.**
6. Satuan Pramuka Penggalang iku arane **Pasukan.**
7. Satuan Pramuka Penegak iku arane **Ambalan.**
8. Satuan Pramuka Pandhega iku arane **Racana.**
9. Pakemahan Pramuka Siaga iku arane **Pesta Slaga.**
10. Pakemahan Pramuka Penggalang iku arane **Jambore.**
11. Pakemahan Kusus kanggo para Penegak/Pandhega anggota SAKA arane **Pesta Karya.**
12. Peta perjalanan Pramuka kang awujud kertas gulungan kaya pita mesin tik arane **Peta Pita.**

B. Bedhekane cangkriman :

1. wong menek andha
2. wong mikul angkring
3. kupluk
4. wong meme kathok
5. tuma
6. sepur
7. gajah

C. Srekalan = plesedan = blenderan :

1. Pitik-pitik kang diedol ana pasar mesthi disrimpungi supaya ora mlayu.
2. Krambil-krambil kang dituku ing wong durung mesthi wutuhan, nanging separo utawa saprapirane. Mesthi bae **dikepruki**, kareben bisa diperang-perang manut sing dituku.
3. Buntute mesthi ana ing buri. Ora ana buntut ana perangan sirah.
4. Dadi 8, marga lawane 5 karo kalonge cacahé 3.
5. Gandhen iku ana **endhase**,
Manuk bubut iku ana **wulune**,
Manuk kathik bisa **mabur**, marga manuke kathik waras.
6. Wong jajan ana ing dalan ya oleh **jajanan** sing dituku ngono, ora bakule sing didol menèhi **pulisi** marang sing jajan.
7. **Ora batal**, lah wong asune iku ndilati sikile dhewe, dudu sikile pak kaji.
8. Ya mesthi bae ora gelem **diklekarake miring**, wong Parta iku lagi dadi manten tur durung wayahe turu lan bisa turu miring dhewe.
9. Mesthi bae wong nylumbat krambil iku **kathokan**, lan sing dienggo nylumbat iku dudu kathok nanging **slumbat** saka wesi utawa kayu.

D. Tegese sanepa ing ngisor iki :

1. *Pikirane landhep dhengkul*
 - Dhengkul iku pucuke bujel (ora ana landhepe) mangka dianggep *luwih dening landhep*, tegese luwih dening kethul.
 - Pikirane **kethul banget** (bodho banget).
2. *ulate bening leri*
 - Leri (= banyu pususan beras) iku buthek, dianggep luwih bening, tegese *luwih dening buthek* (buthek banget)
 - Ulate **buthek banget** (ora padhang)
3. *Utange arang wulune kucing*
 - Wulune kucing iku kerep banget, mangka dianggep luwih arang, tegese *luwih dening kerep*.
 - Utange **kerep banget** utawa **ngendi-endi ana**.

4. ***Eseme pait madu***
 - Madu iku rasane legi, mangka dianggep isih pait, tegese legi banget utawa *manis banget*.
 - Eseme *manis banget*.
5. ***Lakune rindhik kirik digitik***
 - Playune kirik digitik iku banter, mangka dianggep isih rindhik, tegese *luwih dening banter*.
6. ***Suwe mijet wohing ranti***
 - Mijet wohing ranti iku sedhela banget (gampang), mangka isih dianggep suwe, tegese luwih dening gampang (sedhela banget).
 - (samubarang gawe) kang gampang (sedhela) banget ditindakake.
7. ***Rasane legi butrawali***
 - Butrawali iki pait, mangka dianggep luwih dening legi, tegese *pait banget* rasane.
 - Rasane **pait banget**.
8. ***Cahyane abang dluwang***
 - Dluwang iku warnane putih. Putihing dluwang dianggep luwih dening abang, tegese *luwih dening putih (= aclum)*
 - Cahyane **aclum banget**.
9. ***Anggone memitran renggang gula kumepyur pulut***
 - Tangkepaning liran gula Jawa iku *kraket banget* (saya kraket manawa rada jemek), mangka dianggep isih renggang, tegese *kraket banget (ora tau pisah)*
 - Anggone memitran **raket banget sasat ora tau pisah**.
10. ***Tatune arang kranjang***
 - Kranjang iku bolongane (matane) kerep tur rata, mangka dianggep luwih dening arang, tegese **kerep banget**.
 - Tatune **kerep banget (rata ing awak)**
11. ***Lungguhe anteng kitiran***
 - Kitiran mubeng, dianggep luwih dening anteng, tegese *tansah obah*
 - Lungguhe **tansah obah (rongeh)**

12. *Playune lonjong botor*

- Botor (= isi kecipir) kang wangune bunder kaya mimis kang playune banter, mangka dianggep isih lonjong kang kurang banter playune, tegese *banter banget*.
- Playune **banter banget**.

III. PARAMASASTRA

Udhalan (racutan) ing ukara-ukara ing ngisor iki :

1. *Ibu guru // ngidini / aku sakanca / melu Persami.*

- *Ibu guru* = jejer
- *ngidini* = wasesa
- *aku sakanca* = lesan
- *melu Persami* = katrangan kaperluan

2. *Kancaku sing lucu // ndhagel / ana Persami*

- *Kancaku sing lucu* = jejer
- *ndhagel* = wasesa
- *ana Persami* = katrangan panggonan

3. *Dhek Sabtu / kanca-kanca Pramuka // nganakake / Persami / ana Tawangmangu.*

- *kanca-kanca Pramuka* = jejer
- *nganakake* = wasesa
- *Persami* = lesan
- *ana Tawangmangu* = katrangan panggonan
- *dhek Sabtu* = katrangan wektu

4. *Ibu // mundhut / lemari / kanggo wadhah sandhangan*

- *Ibu* = jejer
- *mundhut* = wasesa
- *lemari* = lesan
- *kanggo wadhah sandhangan* = katrangan tujuan

5. *Kancaku // lungguh / sangga uwang*

- *Kancaku* = jejer
- *lungguh* = wasesa
- *sangga uwang* = katrangan kaanan

6. *Kanthi akal julig / malinge // bisa lolos / saka pakepungan*

- *malinge* = jejer
- *lolos* = wasesa

- bisa = katrangan katemtuan
 - saka pakepungan = katrangan panggonan
 - kanthi akal julig = katrangan karana
7. *Adhiku // sregep sinau / supaya pinter.*
- Adhiku = jejer
 - sinau = wasesa
 - sregep = katrangan kualitas
 - supaya pinter = katrangan tujuan
8. *Para Pramuka // nggawa / piranti dhapur / kanggo olah-olah ana Persami.*
- Para Pramuka = jejer
 - nggawa = wasesa
 - piranti dhapur = lesan
 - kanggo olah-olah ana Persami = katrangan tujuan
9. *Sirahe kancaku // menyonyo / ketiban bluluk.*
- sirahe kancaku = jejer
 - menyonyo = wasesa
 - ketiban bluluk = katrangan karana
10. *Dheweke // nyengkakake / garapan / tanpa ngetung wektu.*
- Dheweke = jejer
 - nyenengake = wasesa
 - garapan = lesan
 - tanpa ngetung wektu = katrangan kualitas

IV. NULIS

—

V. UNGGAH-UNGGUH

Basa krama lugu :

P E R S A M I

Warsito : "Kados pundi Tom, sampun sampeyan siyapaken sedaya bektan sampeyan?"

Sutomo : "Ooo, jelas ! Sedaya sampun siyap. Kantun nengga Badri. Mangke sekedhap malih piyambakipun temtu dhateng."

- Warsito** : Punapa kemawon ta pirantos ingkang kedah sampeyan bekte ?"
- Sutomo** : "Lha punika ! Bantal, gelaran, lampu petromak, kaliyan . . . kompor."
- Warsito** : "Kala wingi punika Ketua Regu masrahi kula mbekta baterei, dandang kaliyan ember. Nanging . . . dandangipun ingkang kula boten saged mbekta, Tom !"
- Sutomo** : "Lho, lha kados pundi ?"
- Warsito** : "Dandangipun simbok dipun engge piyambak."
- Sutomo** : "Cilaka-ane ! Sampeyan kok boten criyos kala wingi ta, War ! Ngertosa makaten kula nyambut dandangipun Mbakyu Tarmi. Ing ngrika dandangipun kalih. Dados saged dipun bekte setunggal."
- Badri** : "Tuluung . . . direwangi !"
(bengok-bengok saka kadohan).
- Sutomo** : "Punapa ?"
- Badri** : "Punika, kula kawratan. Mbekta kajeng bakar kaliyan wajan."
- Sutomo** : "Ah, sampeyan wonten-wonten kemawon ! Supados boten kawratan, caranipun mbekta kedah ingkang le-res ! Boten pating pendhosol kados makaten punika !"
- Badri** : "Wah, punika Den Warsito. Jebul sampun dumugi ngriki. Tiwas kala wau kula bengoki."
- Warsito** : "Kula saweg kemawon kok, Badri."
- Badri** : "Lha nanging sampun jangkep sedaya bektan sampeyan ?"
- Warsito** : "Dereng ! Kula boten saged mbekta dandang. Benjing enjing badhe dipun angge Simbok."
- Badri** : "Waah, sampeyan inggih saweg criyos ! Mbok wonten ing kelas wau criyos ! Punapa makaten kemawon, mangke mangketaipun langkung griya kula. Kula mendhet dandang ?!"

.....
(bisa diterusake dening guru lan murid)

VI. KASUSASTRAN

WULANGAN 6

I. WACAN

B. Wangsulane pitakon-pitakon :

1. Ing tembang Sinom

- a. Wangsalane mung **siji**, yaiku :

*petis manis (kecap)
wis kudu dadi pocapan.*

- b. Sing dadi pocapan iku :

*edane wong kang lagi kena guna saka si kakang
Wong kang kena guna iku :
awak mami*

- c. Kaanane wong kang kena guna ing tembang iku :

*mbathik karo nangis mbrebes mili,
malame wutah belabaran lan mati genine,
gawangane banjur disendhal nganti putung.*

2. Ing tembang Kinanthi :

- a. Wangsalan ana loro, yaiku :

(1). *Kenthang rambut (tela), menyan putih (wllrang)
awasna dipun pratela, noleha wirange wuri.*

(2). *Cacangkok wohing kalapa (bathok)
kang dadi pathoking urip.*

- b. Miturut tembang Kinanthi ing wacan, pathok.aning wong ngaurip iku mangkene :

*(sakabehing tumindak) kudu ditimbang kanthi waspada,
kudu ngelingi kepriye akibate ing tembe burine.*

3. Ing tembang Dhandhanggula :

- a. Wangsalan ana lima, yaiku :

(1). *Carang wreksa (pang) ingkang jamang tambir
(wengku)
ora gampang wong mengku negara.*

(2). *baligo amba godhonge (labu)
kudu sentoseng kalbu.*

- (3). *tengareng prang (**teteg**) andheging riris (**terang**) den **teteg trang** ing cipta.*
- (4). *sendhang niring ranu (**asat**) **sasat** ana ing palagan.*
- (5). *kasang toya (**impes**) menyan seta ing ardi (**wlirang**) yen **apes kawirangan**.*
- b. Miturut tembang **Dhandhanggula** ing wacan, wong mengku negara iku :
- atine kudu sentosa,
pikirane kudu lantip,
gambarane kaya ana ing paprangan,
yen ora kebeneran bakal kewirangan.*
4. Ing tembang **Pangkur** :
- a. Wangsalane ana **loro**, yaiku :
- (1). *Singgang gung kang piniyara (**winih**),
mardi siswa (**mulang**) kakawinireng estri (**wadu**)
wineh **winulangaken wadu**.*
- (2). *pangrantanireng pradangga (**sendhon**)
sesendhonan genti-genti.*
- b. Sing padha sesendhonan iku :
- kang padha sumewa ana ing pasewakan kang minangka
mangun suka.*
5. Tembang Sinom ing dhuwur iku nggambarake wong mba-thik kang lagi keneng guna.
6. Tembang Kinanthi ing dhuwur iku ngelingake bab pathok-aning wong urip.
7. Tembang Dhandhanggula ing dhuwur iku ngandhakake manawa wong mengku negara iku ora gampang.
8. Ing tembang Pangkur iku nelakake apa kang diwulangake marang para wadu kang padha sumewa ing pasewakan kang minangka mangun suka.

II. KAWRUH BASA

B. Bebasane kang mathuk :

1. Nabok nyilih tangan.
2. Nyangoni kawula minggat.
3. Lanang kemangi.
4. Nututi layangan pedhot.
5. Idu didilat maneh.
6. Dikena iwake, aja nganti buthek banyune.
7. Nglungguhi klasa gumelar.
8. Nggutuk lor kena kidul.
9. Sandhing kirik gudhigen.
10. Ancik-ancik pucuking eri.
11. Sedhakep ngawe-awe.
12. Ora uwur ora sembur.

C. Rura basa :

1. *ndheplok gethuk benere ndheplok tela, nanging ora lumrah (aneh).*
2. *mikul dhawet benere mikul angkring dhawet, nanging ora lumrah.*
3. *mbathik iket benere mbathik mori supaya dadi iket, nanging ora lumrah.*
4. *menek krambil benere menek wit krambil, nanging ora lumrah.*
5. *adang thiwul benere adang glepung gaplek digawe thiwul, nanging ora lumrah.*
6. *ngenam klasa benere ngenam mendhong (pandhan) supaya dadi klasa, nanging ora lumrah.*
7. *adang sega benere adang beras, nanging ora lumrah.*
8. *ngombe kopi benere ngombe wedang kopi, nanging ora lumrah.*
9. *nenun mori benere nenun benang supaya dadi mori, nanging ora lumrah.*
10. *ngantih benang benere ngantih kapas supaya dadi benang, nanging ora lumrah.*

D. Tegese tembung-tembung kang kacithak kandel :

1. **Surya** sampun serap (= **srengenge**)
2. Sapunika **surya** kaping 26 Rejeb (= **tanggal**)
3. Swaraning peksi sampun **sirep**. (= **boten rame**)
4. Benteripun badan sampun **sirep**. (= **mantun benter**)
5. **Resi** Drona ing Soka Lima. (= **pandhita tapa**)
6. **Resi** kintunan arta saking Pos. (= **layang pratandha wis nampa**).
7. **Lampahipun** R. Wrekudara medal wanadri. (= **lakune**)
8. Nalika taksih enem ageng **lampahipun**. **Sareng sepuh manggih kamulyan**. (= **prihatosipun**)
9. Ringgit dalu punika mendhet **lampahan** Bima Suci. (= **lakon**)

III. PARAMASASTRA

Tegese ater-ater sa :





















- | | |
|-------------------------------------|---------------------------------|
| 1. sakarepe bocah | = sabarang karepe |
| sapolah-polahe | = kepriye polahe |
| 2. samaremmu | = sapira maremmu |
| sakranjang | = siji kranjang |
| 3. entenana satekane | = nganti tekane |
| satekane omahmu | = nek wis tekan |
| 4. watu sagajah | = padha karo gajah |
| sakiwa-tengene | = kabeh ing kiwa-tengene |
| 5. sapungkure bapak | = sawise pungkur |
| eyang sapendhereke | = karo pendhereke |
| 6. regane bakal klambi sa- | |
| metere | = saben metere |
| sacukupe wong loro | = manut cukupe |
| sacukup-cukupe | = nganti cukup . |
| 7. Nardi karo Narta dadi sa- | |
| omah | = nunggal omah |
| wong saomah lunga ka- | |
| beh | = saisine omah |
| 8. jaran salapake | = karo lapake |
| lagi ana sataun | = siji taun |
| 9. nanging sanyatane . . . | = miturut nyatane |
| satemene aku . . . | = miturut temene |

IV. NULIS

A. Sing bener panulise :

- | | |
|----------------|-----------|
| 1. nyangga | lombok |
| kandha | menggok |
| sangga | senggol |
| digantha | nggrontol |
| blanja | nggondhol |
| kaliyan | bagean |
| 2. tiyang Jawi | kramean |
| para priya | sesadean |
| dibuwang | tujuan |
| kuwajiban | njagoa |
| tukua | mronoa |

B. Panulise nganggo aksara Jawa sing bener :

- | | |
|---|--|
| 1.  | 11.  |
| 2.  | 12.  |
| 3.  | 13.  |
| 4.  | 14.  |
| 5.  | 15.  |
| 6.  | 16.  |
| 7.  | 17.  |
| 8.  | 18.  |
| 9.  | 19.  |
| 10.  | 20.  |

V. UNGGAH-UNGGUH

VI. KASUSASTRAN

WULANGAN 7

II. KAWRUH BASA

B. Tegese unen-unen :

1. **sayembara pilih** = pasanggiri sapa sing bisa mi-nangkané oleh ganjaran putri.
2. **pilih-pilih wong** = ora saben
3. **pilih-asih** = ana salah siji kang diasahi
4. **pilih tandhing** = arang-arang kang bisa nan-dhingi.
5. **pilih lalab** = kabeh dirampet
6. **pilih-pilih tebu** = nampik kang ala oleh ijol kang luwih ala.
7. **prajurit pilihan** = ora sadhengah prajurit
8. **padha asesanti pilih mati** = aluwung mati

D. Wangsalan ing ngisor iki karepe njaluk gendhing :

1. *Sekar gadhung kongas gandanya.*
Sasmita njaluk gendhing : **Sekar Gadhung.**
2. *Mring paduka angayun-ayun asmara.*
Sasmita njaluk gendhing : **Ayun-ayun.**
3. *Rinipta pindha puspita, pantes patrape kang warni.*
Sasmita njaluk gendhing : **Puspawarna.**
4. *Esemira lir gebyaring thathit, maweh renyeping wardaya.*
Sasmita njaluk gendhing : **Renyep.**
5. *Kapiyarsa kumaricik suwaraning tirta.*
Sasmita njaluk gendhing : **Ricik-ricik.**

E. Wangsalan kanggo sasmita jenenging tembang kang dika-repake :

1. Aja na mundur pakewuh. (tembang **Durma**)
2. Mingkar-mingkur ing angkara. (tembang **Pangkur**)
3. Mrih sarkara kang pinurweng kawi. (tembang **Dhandhang-gula**)
4. Mrih dadi kanthinira. (tembang **Kinanthi**)
5. Kancana timbul ing warihan. (tembang **Maskumambang**)
6. Aja wuluh ati nira. (tembang **Duduk wuluh - Megatruh**)
7. Abrangta ing ngelmu. (tembang **Asmaradana**)
8. Ywa nganggo budi nom-noman. (tembang **Sinom**)

III. PARAMASASTRA

B. Udhalan lan polaning ukara-ukara ing ngisor iki :

1. *Tandang tanduke kancaku // becik*

- *Tandang tanduke kancaku* = jejer
- *becik* = wasesa

Polane : J / W

2. *Kancaku // tandang-tanduke / becik*

- *Kancaku* = jejer
- *tandang-tanduke becik* = gatra wasesa
(anak kalimat predikat)
- + *tandang-tanduke* = jejer
- + *becik* = wasesa

Polane : J / $\frac{W}{j-w}$

3. *Kancaku // becik / tandang-tanduke*

- *Kancaku* = jejer
- *becik / tandang-tanduke* = gatra wasesa
(anak kalimat predikat)
- + *becik* = wasesa
- + *tandang-tanduke* = jejer

Polane : J / $\frac{W}{w-j}$

4. *Tandang-tanduke / becik // kancaku*

- *kancaku* = jejer
- *tandang-tanduke / becik* = gatra wasesa
(anak kalimat predikat)
- + *tandang-tanduke* = jejer
- + *becik* = wasesa

Polane : $\frac{W}{j-w}$ / J

5. *Becik // tandang-tanduke kancaku*

- *tandang-tanduke kancaku* = jejer
- *becik* = wasesa

Polane : W / J

6. *Tawangmangu iku // seger / hawane*

- *Tawangmangu iku* = jejer
- *seger / hawane* = gatra wasesa
(anak kalimat predikat)
- + *hawane* = jejer
- + *seger* = wasesa

$$\text{Polane : } J / \frac{W}{j-w}$$

7. *Tawangmangu iku // hawane / seger*

- *Tawangmangu iku* = jejer
- *hawane seger* = gatra wasesa
(anak kalimat predikat)
- + *hawane* = jejer
- + *seger* = wasesa

$$\text{Polane : } J / \frac{W}{j-w}$$

8. *Hawane / seger // Tawangmangu iku*

- *Tawangmangu iku* = jejer
- *hawane seger* = gatra wasesa
(anak kalimat predikat)
- + *hawane* = jejer
- + *seger* = wasesa

$$\text{Polane : } \frac{W}{j-w} / J$$

9. *Hawane Tawangmangu iku // seger*

- *Hawane Tawangmangu iku* = jejer
- *seger* = wasesa

$$\text{Polane : } J / W$$

10. *Seger / hawane // Tawangmangu iku*

- *Tawangmangu iku* = jejer
- *seger hawane* = gatra wasesa
(anak kalimat predikat)
- + *hawane* = jejer
- + *seger* = wasesa

$$\text{Polane : } \frac{W}{w-j} / J$$

11. *Seger // hawane Tawangmangu iku*

- *hawane Tawangmangu iku* = jejer
- *seger* = wasesa

Polane : W / J

12. *Adhiku // kancane / akeh banget*

- *Adhiku* = jejer
- *kancane / akeh banget* = gatra wasesa
(anak kalimat predikat)
- + *kancane* = jejer
- + *akeh banget* = wasesa

Polane : J / $\frac{W}{j-w}$

13. *Kancane adhiku // akeh banget*

- *Kancane adhiku* = jejer
- *akeh banget* = wasesa

Polane : J / W

14. *Kancane / akeh banget // adhiku*

- *adhiku* = jejer
- *kancane / akeh banget* = gatra wasesa
(anak kalimat predikat)
- + *kancane* = jejer
- + *akeh banget* = wasesa

Polane : $\frac{W}{j-w}$ / J

15. *Akeh banget / kancane // adhiku*

- *adhiku* = jejer
- *akeh banget / kancane* = gatra wasesa
(anak kalimat predikat)
- + *kancane* = jejer
- + *akeh banget* = wasesa

Polane : $\frac{W}{w-j}$ / J













16. *Akeh banget // kancane adhiku*

- *kancane adhiku* = jejer
- *akeh banget* = wasesa

Polane : W / J

IV. NULIS

B. Panulise nganggo aksara Jawa :

1. Khahar Muzakir = 
- Mukharam = 
2. dzat = 
- adzan = 
- Dzulkaidah = 
3. Februari = 
- Safar = 
4. Zakat = 
- Ziarah = 
- Sumur zam-zam = 
5. ghaib = 
- Abdul Ghafur = 

V. UNGGAH-UNGGUH

Basa ngoko :

ADAT TATACARA

Danu : "Kula nuwun !"

Dirja : "O, Mas Danu ! Mangga Mas ! Mangga lenggah kene !"

Danu : "Iya, Sajake kok gayeng anggon panjenengan ngendikan karo ibu."

Dirja : "Gayeng iya ora, mung bae ana rembug kang rada wigati. Anu, aku arep duwe gawe."

Danu : "O, ngono. Panjenengan arep kagungan kersa apa ?"

- Dirja : "Arep nylameti 1000 dinane ibuku."
- Danu : "Gedhen-gedhen apa climen bae?"
- Dirja : "Iya mung climen bae. Mung sacukupe bae. Aku ora tau duwe gawe gedhen-gedhenan. Mung netepi adat tatacara bae."
- Danu : "Kasinggihan nek ngono. Aku dhewe iya mung netepi adat tatacara sing wis lumrah katindakake. Sepasaran apa dene nyelapani anakku mung reringkesan bae."
- Dirja : "Aku iya ngono. Apa ta perlune duwe gawe gedhen-gedhen. Kuwi rak mung mbuwang wragat bae. Ngéntek-entekake dhuwit kang tanpa tanja."
- Danu : "Mula iya ngono. Tinimbang dhuwit kabuwang tanpa tanja, prayoga digemeni. Ing tembe buri dhuwite kanggo nragadi sekolahe."
- Dirja : "Hla iya, ta. Akeh wong kleru tumindake. Nyepasari apa dene nyelapani tekane sunatan sapiturute digawe gedhen-gedhen, nganti direwangi utang-utang. Bubar duwe gawe dodolan apa ta apa kanggo nyaur silihan. Tekan ing besuke anake ora karagatan. Sekolahe padha kapiran."
- Danu : "Ngono kuwi akeh banget, Mas. Ngono kuwi jeneng urip awur-awuran. Kena kaaranan ora welas karo anake."
- Dirja : "Kasinggihan mangkono. Ngono iku malah kanggo jor-joran, kanggo umuk-umukan."
- Danu : "Mula bener tuntunaning Pamarentah menyang rakyaté. Kudu padha urip prasaja. Prasaja ing sakabehe."
- Dirja : "Prayogane iya kudu mangkono. Yen kurang pangati-atiné ing tembe buri sapa sing bakal ngrasakake rekasane, ora liya iya awake dhewe."
- Danu : "Mula iya abot tanggung jawabku lan tetanggungan panjenengan tumraping nenuntun marang masarakat."
- Dirja : "Tenane iya mangkono. Mula aku lan panjenengan kudu tanpa kendhat anggone padha awèh sesuluh marang masarakat. Awèh tuladha, aku panjenengan dadia tetuladhane wong akeh."

VI. KASUSASTRAN

WULANGAN 8

II. KAWRUH BASA

B. Tegese tembung-tembung homonim :

1. **kaum** wanita = golongan
didongani dening **kaum** = imam Islam ing pakampungan
2. **labuh** labete R.A. Kartini = gawe jasa
kapal kang lagi **labuh** = nibakake jangkar arep leren
mangsa **labuh** = ngarepake rendheng
3. **kajeng** jatos = kayu
kajeng kula = karep
4. **kala** wingi = dhek
kula cepeng mawi **kala** = jiret
5. gerah **waja** = untu
tuku **waja** = wesi kang atos
6. **asmanipun** priyantun = jenenge
sakit **asma** = mengi
7. ora **bakal** lali = arep
bakal klambi = sing arep dienggo
8. bareng **disuwuk** simbah = dijapani sarana disebut embon-
embonane
gamelane wis **disuwuk** = disirep (dilereni)
9. **golek** kawruh = ngupaya
wayang **golek** = pepethaning wong
10. wacanen . . . ing **rai** lima = kaca
tatune ing **rai** . . . = pasuryan

D. Paribasane :

1. Baladewa ilang gapite.
2. Kriwikan dadi grojogan.
3. Cecak nguntal elo.
4. Bathok bolu isi madu.
5. Nyandhung cepaka sewakul.
6. Kepala kepenthung.
7. Endhas gundhul dikepeti.
8. Asu gedhe menang kerahe.

9. Garang garing.
10. Entek amek kurang golek.
11. Keplok ora tombok.
12. Kadang konang.

III. PARAMASASTRA

PANAMBANG A

A. Wangsulane pitakon-pitakon :

1. a. Tuladha panambang a kang mujudake **rimbag agnya (pakon)** :

- **Tukua gula !**
- **Adusa kana, ta !**
- **Lungguha kursi kono !**
- **Takona marang wong sing pinter !**
- **Sinaua sing mepeng !**

- b. Tuladha panambang a kang mujudake **rimbag samba-wa** :

- **Tekaa saiki mana ana kancaku ! (= muga-muga teka)**
- **Rekasaa kaya ngapa mesthi daklakoni ! (= sanajan rekasa)**
- **Kowe maneh ngretia, wong aku sing cedhak bae ora ngreti. (= mokal ngreti)**
- **Bok udana mana aku ora susah ngelebi sawahku ! (= bok ya udan)**
- **Mau mlakua terus endang tekan ngomah ! (= upama mlaku)**

2. Tuladha panambang a kang nelakake **pakon tanggap (tanpa lesan)** :

- **Ngakua bae, aja goroh !**
- **Menenga bae !**
- **Mandhega sedhela !**
- **Muliha dhisik !**
- **Nembanga sakarepmu !**

3. Tuladha panganggone panambang **a** kang nelakake **pa-**
kon tanggap (kang lesane gumathok) :

- *Ombenen wedangmu !*
- *Jaluken dhuwitmu !*
- *Tukunen sepedha iku !*
- *Catheten katrangan iki !*
- *Wacanen buku iku !*

4. Tuladha panganggone panambang **a** kang nelakake :

a. **upama** :

- *Ngretia nek wong ala, ora bakal daktemoni.*
- *Tekaa esuk mau rak bisa kepethuk karo pimpinane.*

b. **pangarep-arep** :

- *Oleha lotre mana saiba bungahku !*
- *Kondura saiki mana bapak kareben priksa kaanan iki !*

c. **sanajan** :

- *Udana deres di kaya ngapa aku mesthi teka mrene.*
- *Duwea dhuwit aku ora bakal nukokake sepedha kowe.*

d. **muga-muga** :

- *Dakrewangi nyenyuwun marang Pangeran, kowe entuka kanugrahan.*
- *Pamujiku ing tembe, kowe bisaa kasembadan kang kokarepake.*

e. **mokal** :

- *Kowe maneh bisaa, aku sing wis akeh pengalaman ora bisa.*
- *Wong liya maneh gelema ngopeni dheweke, adhine dhewe bae suthik kanggonan.*

B. Tegese panambang **a** ing tembung-tembung kang kandel panyithake :

- | | |
|-----------------------|------------------|
| 1. njupuka | = supaya njupuk |
| 2. mlakua | = supaya mlaku |
| 3. tukua | = supaya tuku |
| 4. pintera kaya ngapa | = senajan pinter |

Nanang : "Sinten ingkang boten mbedhodhok manahipun gadhah pahlawan kados Patih Gajahmada makaten punika. Langkung-langkung kula kaliyan sampeyan, ingkang kagolong pemudha ingkang kedah nglajengaken perjuanganipun para pahlawanipun piyambak, kalebet pahlawan Patih Gajahmada."

Nunu : "Inggih makaten punika. Kula kaliyan sampeyan punika sami kinudang-kudang tiyang sepuh, dadosa pahlawan, dadosa pemimpin negara. Kula kaliyan sampeyan ingkang nggentosi tiyang sepuh nyepeng, bang-bang pangalum-aluming negari.

.....
(bisa dirampungake dening guru lan murid).

VI. KASUSASTRAN

WULANGAN 9

II. KAWRUH BASA

B. Sinonime tembung-tembung kang kandel panyithake :

- | | |
|-------------|----------------------------|
| 1. palagan | = paperangan |
| dununge | = panggonane |
| laladan | = tlatah, wewengkon |
| 2. ndarbeni | = nduweni |
| ngukuhi | = ngugemi, nggegegi |
| 3. kacetha | = katerangake, kagenahake |
| 4. nenangi | = nggugah |
| 5. prastawa | = kadadean |
| wigati | = perlu banget |
| 6. kacetha | = kagenahake |
| pepethane | = gambar wewujudan |
| gugur | = seda |
| pertempuran | = paperangan |
| 7. rikala | = nalika |
| pungkasane | = wusanane |
| 8. keplayu | = keseser |
| dluber | = dioyak, dibledig, diburu |

C. Isbat

1. Jiwane menungsa kudu bisa ngereh ragane.
2. Wong kang golek ngelmu (maguru) kudu duwe pawitan = wani rekasa ora ngumbar hawa nafsu.
3. Manunggaling jiwa lan raga.

D. —

III. PARAMASAstra .

C. 1. Tuladha :

- Nardi : "Kowe saka ngendi, Ton ?" (1)
Toni : "Surabaya." (2)
Nardi : "Kowe ngineb ing daleme sapa, Ton ?" (3)
Toni : "Daleme embah." (4)
Nardi : "Nginebmu pirang dina ?" (5)
Toni : "Seminggu." (6)
Nardi : "Dalame eyangmu ana ngendi ?" (7)
Toni : "Wonokromo." (8)
Nardi : "Kowe nonton kebun binatang, Ton ?" (9)
Toni : "Mesthi bae !" (10)

a. Ukara wacahan pacelathon ing dhuwur iku :

- Surabaya. (2)
- Daleme embah. (4)
- Seminggu. (6)
- Wonokromo. (8)
- Mesthi bae. (10)

b. Ukara wutuh pacelathon ing dhuwur iku :

- Kowe saka ngendi, Ton ? (1)
- Kowe ngineb daleme sapa, Ton ? (3)
- Nginebmu pirang dina ? (5)
- Daleme eyangmu ana ngendi ? (7)
- Kowe nonton kebun binatang, Ton ? (9)

2. a. Kang kagolong ukara wacahan :

- Ndandani omah kang ana kutha (a)
- Tindakan menyang ngendi ? (c)
- Dhateng Surabaya (d)
- Endang mulih bae saiki ! (i)
- Ayo ta mangan-mangan kene dhisik ! (j)

V. PANANTANG LAN IPAT-IPAT

C. Tuladha :

(a). Ukara panantang :

- *Yen nyata lanang temenan metua njaba !*
- *Ngajak pirang dina, dakladeni !*
- *Majua, dakteter kulitmu !*

(b). Ukara ipat-ipat :

- *Yen kowe wani karo wong tuwa, aku ora bakal ngaku sedulur marang kowe.*
- *Rehne kowe tansah gawe serikku, wiwit dina iki aku ora bakal mecak omahmu.*
- *Yen nganti kowe nyenggol aku, bakal dakbeset kulitku.*

VI. KASUSASTRAN

A. Buku-buku lan panganggitte :

a. (1). Ing jaman Dyah Balitung :

- *Kakawin Ramayana* isine 6 kandha :

Balakandha Aranyakandha Sundarakandha

Ayodyakandha Kiskendakandha Yudhakandha

(2). Ing jaman Kedhiri :

- *Samaradahana* (Kakawin) dening Empu Darmaja
- *Baratayuda* (Kakawin) dening Empu Sedhah lan Empu Panuluh
- *Wrettasancaya* (Kakawin) dening Empu Tantular.

(3). Ing jaman Majapait :

- *Negarakertagama* dening Empu Prapanca
- *Sutasoma* (Kakawin) dening Empu Tantular.

- b. (1). Anggitane para priyagung :
- *Wulangreh* dening Sunan PB IV.
 - *Layang Centhini* dening Sunan PB V.
 - *Angger nawala pradata* dening Sunan PB VII
 - *Candrarini Wira Iswara* dening Sunan PB IX
 - *Wedhatama* dening K.G.P.A.A. Mangkunegara IV.

(2). Juru anggit crita wayang :

Kyai Sindusastra, anggitane :

- *Arjunasasrabau*
- *Srikandhi maguru manah*
- *Sembadra larung*
- *Partayadnya*.

K. Pangeran Arya Kusumadilaga, anggitane :

- *Jagal Bilawa*
- *Semar Jantur*

(3). Pujangga ing Surakarta kang kasusra iku **R. Ng. Ranggawarsita**, anggitane :

- *Paramayoga*
- *Jitapsara*
- *Pustaka raja purwa*
- *Cemporet*
- *Kalatidha*
- *Jaka Lodhang, II.*

(4). Sing mbangun layang-layang kuna iku **Kyai Yasadipura I**, kaya ta :

- *Dewaruci*
- *Arjunawiwaha*
- *Bratayuda*
- *Ambya*
- *Menak*
- *Rama*

(5). **Ki Padmasusastra** iku salah sawijining juru ngarang jaman Bale Pustaka. Anggitane akeh awujud gancaran, kaya ta :

- *Parama basa*
- *Tata-cara*
- *Carakan Jawi*
- *Burat Wangi*
- *Warna Basa*
- *Piwulang Warni-warni*
- *Rangsang Tuban*
- *Serat Kancil Tanpa Sekar, II.*

WULANGAN 10

II. KAWRUH BASA

B. Tegese saloka-saloka ing ngisor iki :

1. *Palang mangan tandur* =
wong kang dipitaya ngreksa samubarang, wekasane ngrusak rereksane.
2. *Kebo bule mati setra* =
wong pinter ora ana sing nganggokake.
3. *Asu belang kalung wang* =
wong asor nanging sugih.
4. *Kebo nusu gudel* =
wong tuwa njaluk wuruk marang wong enom.
5. *Kebo mulih ing kandhange* =
wong kang nalika isih enom nyambut gawe ana ing papan kang adoh saka asale, bareng wis tuwa bali menyang papan asale dhewe.
6. *Timun wungkuk jaga imbuh* =
wong kang bodho (dudu wong kang peng-pengan) kang-gone samangsa ana kekurangan (kanggo serep)
7. *Ula marani gitik* =
nemaha marang kacilakan.

8. *Pitik trondhol diumbar ing padaringan* = wong kekurangan dipasrahi nyekel dhuwit lsp.
9. *Wedhus diumbar ing pakacangan* = wong kekurangan dituduhake kamelikan.
10. *Iwak klebu ing wuwu* = kena pangapus kanthi gampang (kena bebaya kang wis ora kena dioncati maneh).
11. *Kutuk marani sunduk* = nemaha marang bebaya.
12. *Ketepang ngrangsang gunung* = njangka prakara sing nglengkara (mokal).

C. Arane tetembungan utawa unen-unen :

1. Tanpa tedheng aling-aling. (**paribasan**)
2. Esemé pait madu. (**sanepa**)
3. Kebanjiran sagara madu. (**saloka**)
4. Roning mlinjo, sampun sayah nyuwun ngaso. (**wangsalan**).
5. Tandhange nggegirisi kaya bantheng ketaton. (**pepin-dhan**)
6. Godhong jati, godhong nangka, ayo ngudi basa Jawa. (**parikan**)
7. Gulune ngelung gadhung. (**panyandra**)
8. Sirna ilang kertaning bumi (taun 1400). (**sengkalan**)
9. Desa mawa cara, nagara mawa tata. (**bebasan**)
10. Yen isi mengkurep, yen mlumah kothong, iku apa ? (**cangkriman**)
11. Bubutana wulune, gandhenana endhase, kathik bisa ma-bur, iku apa ? (**srekalan**)
12. Wedang = ngawe kadang. (**kerata basa**)
13. Kodhok ngemuli kadang. (**isbat**)
14. Nggodhoga wedang. Nguleka sambel. (**rura basa**)
15. Borehana adas pala waras (= bakal waras). (**pralambang**).

E. Tegese wangsalan ing ukara-ukara iki :

1. **uler kambang** = ula
nguler kambang = alon-alonan

2. kembang kopi = blanggreng
ngembang kopi = mblanggreng (= macak)
3. pipa landa (= oncowe) ngono we kok nesu.
4. jenang sela (= apu), apuranen.
5. plndhang lulang (= krecek),
kacek apa aku karo mas Wata.
6. jenang gula (= glali), aja lali lo Mas.
7. P ring dhempet (= pring tutul) sunduk sate (= sujen)
Tulung kandhanana Ijen padha Ijen.
8. Balung jagung (= janggal) lo Dhi,
gelemku isih janggalan.
9. Balung klapa (= bathok),
geleme ethok-ethokan.
10. Wilangan wolu loro (= sepuluh),
puluh-puluh dikapakake wong wis kebacut.

III. PARAMASASTRA

Rimbage tembung-tembung kang dikurung :

1. Marga kurang pangati-atiku sirahku nganti (**kethuthuk**)
2. Anggone nangis marga (**dithuthuk**) Ali nganggo garisan.
3. Olehmu (**kapiadreg**) kepingin melu iku arep ngapa ?
4. Nyuwun agenging samodra pangaksami dene kula (**kumawantun**) (**sumela**) atur dhumateng para rawuh.
5. Maling kang kecekel sesasi kapungkur kae oleh (**ukuman**)
enem sasi.
6. Aku kok gregetan karo adhimu loro iku, angger ditirnggal
mingset kok banjur (**keplak-keplakan**)
7. Welingku padha senenga (**tetulung**) marang liyan.
8. Nalika liburan aku wegah (**lunga-lunga**), ana ngomah mung
(**mongan-mengen**) bae.
9. Kabar olehmu arep duwe gawe mantu wis (**sumebar**) tekan
ngendi-endi.
10. Pamuji kula mugi-mugi putra temanten kekalih sageta (**slh-slnhan**)
runtung-runtung (**rerentengan**) wonten ing (**bebrayan**) ageng.

11. Bocah iki kok aneh mau ditakoni ora ngaku, saiki kok (**celuluk**) dhewe.
12. Adhimu iku kokapakake, wiwit mau esuk seprene kok (**bengak-bengok**).
13. (**Udana**) kae wis tanpa guna, lha wong tandurane wis keba-cut mati.

IV. NULIS

(digawe dening murid)

V. UNGGAH-UNGGUH

Basa krama :

REMBAGIPUN BLANTIK KALIYAN TIONG HOA

Blantik : "Pancenipun sampeyan badhe kula welingaken, kleresan sampeyan dhateng piyambak."

Tiong Hoa : "Sampeyan welingaken wonten damelipun punapa?"

Blantik : "Anu, kapal kula ingkang sampeyan wastani ciri suduk, manah kula kok radi samar, kula punika asring dhateng Klaten numpak kapal prelu pasok pajengan barang dagangan dhateng juragan, mangke manawi wonten ing margi dipun begal ing durjana, dipun suduk, ketarik saking cirining kapal suduk, punika ingkang kula kawekani."

Tiong Hoa : "Nek, sasat kenging dipun pesthekaken, manggih bebaya, botena disuduk, inggih dipun tumbak tiyang dados awis ingkang purun numbas, ewadene jembar-jembaring jagad boten wonten barang ingkang boten pajeng dipun sade, nanging inggih kedah narimah tuni sawatawis."

Blantik : "Manawi tuni kula boten angsal, namung kula buken kemawon, panumbas kula resik Rp 1000.000,00 kawrat wonten serat lulusan."

Tiong Hoa : "Kula bektanipun kapalipun sapunika, nanging kedah dipun sipengaken sedalu ingkang badhe tumbas, dipun tandha gedhong watukipun, manawi boten inggih saestu dipun tumbas."

- Blantik** : "Ingkang badhe tumbas punika sinten ?"
Tiong Hoa : "O, punika wados Bah, sampeyan namung nyumerepi jangkepipun arta Rp 1.000.000,00 kajawi kalong ujuran dhateng kula."
Blantik : "O, manawi prekawis ujuran kula boten saged nyukani. Sasat nama tuni, sampeyan pados ujuran saking ngrika."
Tiong Hoa : "Mangsa limraha, tiyang tumbas dipun tedhani ujuran."
Blantik : "Ujurane yatra Rp 1.000.000,00 pinten ?"
Tiong Hoa : "Namung Rp 40.000,00 petangan 2,5%."
Blantik : "Enggih ta gampil, manawi saged pajeng buk sapanumbas Rp 1.000.000,00 !"

VI. KASUSASTRAN





Penerbit
WIDYA DUTA
Surakarta

Jl. Honggowongso 139
☎ 6053 Surakarta